

Patènite




Bilten Sante

Ale sou sitwèb nyc.gov/health pou wè tout Bilten Sante yo.
Rele **311** pou mande kopi gratis.

NYC[™]
Health

Patènite ak Sante



- Relasyon afekte sante ak byennèt nou, epi youn nan relasyon ki pi enpòtan yo se ant yon papa ak yon pitit.
- Papa ki gen relasyon solid ak pitit yo kapab gen yon efè pozitif sou sante ak devlopman timoun yo pandan tout lavi yo.
- Pou kreye relasyon solid ak pitit yo, papa yo kapab jwe avèk yo, pale avèk yo epi ede yo avèk devwa yo.

Patènite pa byolojik sèlman. Ou kapab ranpli wòl sa a tou antanke yon papa pou timoun adoptif oswa pou timoun patnè w. Tout kalite papa byenveyan enpòtan nan lavi timoun yo.

Peryòd Tibebe ak Timoun piti

Papa yo gen yon wòl enpòtan nan sante ak devlopman bonè timoun yo. Yo kapab:



Ale nan klas pou elve timoun, tankou klas pou bay sipò pou alètman matènèl, ki gen anpil avantaj pou tibebe yo ak pou paran ki nouris yo



Pou asire timoun yo dòmi san danje, mete yo dòmi sou do pou kont yo nan yon bèso san anyen ladan



Mennen timoun yo nan vizit pou swen sante, ki gen ladann tchèkòp ak vaksinasyon regilyèman

Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan **[nyc.gov/health](https://www.nyc.gov/health)** epi chèche **early childhood health (sante timoun piti)**.

Papa ki patisipe yo pale epi angaje ak timoun yo. Timoun ki gen papa ki patisipe nan lavi yo gen pi bon kapasite pou pale ak aprann pase timoun ki pa gen papa ki patisipe nan lavi yo.

Adolesans

Papa yo ka gen yon efè pozitif sou sante pitit yo pandan tout adolesans yo. Adolesan ki gen papa ki patisipe nan lavi yo:



Gen mwens move konpòtman nan lekòl epi yo reyisi pi byen nan lekòl, yon bagay ki makònen ak pi bon sante



Fè sèks yon fason ki gen mwens danje epi yo gen mwens chans pou yo tonbe ansent, san yo pa t planifye sa



Gen pousantaj ki pi ba nan depresyon, sitiyasyon sanzabri, abi fizik ak move itilizasyon sibstans

Anfans ak adolesans kapab peryòd ki gen estrès pou papa a ak timoun nan. Pou jwenn plis enfòmasyon sou estrateji pou amelyore sante mantal fanmi w, al gade nan [nyc.gov/health](https://www.nyc.gov/health) epi chèche **mental health first aid (premye swen nan sante mantal)**.

Konekte W

Tout moun kapab jwenn yon avantaj nan yon ti sipò. Sèvis sa yo pèmèt papa yo kontinye rete paran ki solid, patnè ak soutyen nan kominote a:



Breastfeeding Empowerment Zone, BFEZ (Zòn Otonomizasyon Alètman Matènèl): Ofri fòmasyon nan kominote a pou alètman matènèl ka vin yon bagay ki toutafè nòmal. Al gade nan [nyc.gov](https://www.nyc.gov) epi chèche **BFEZ**.



Pwogram Healthy Start Fatherhood: Ede papa nan Brooklyn yo jwenn aksè nan fomasyon pou travay ak resous pou yo reyadapte yo apre yon absans, pa egzanp lè yo te lwen oswa yo te nan prizon. Al gade nan [nyc.gov/health](https://www.nyc.gov/health) epi chèche **Healthy Start Brooklyn (Bon Kòmansman nan Brooklyn)**.



Fatherhood Initiative (Department of Youth and Community Development) [Inisyativ Patènite (Depatman pou Jenès ak Devlopman Kominotè)]: Ofri klas pou elve timoun ak konsèy sou travay. Al gade nan [nyc.gov](https://www.nyc.gov) epi chèche **fatherhood initiative**, oswa rele 1-800-246-4646 pou jwenn plis enfòmasyon.

Resous

Konekte



@nychealthy



nychealth



@nychealthy

**Pou jwenn Konsèy,
Aktivite ak Pwogram yo**

Al gade nan **nyc.gov** epi chèche **fatherhood
(patènite)**

**Resevwa Dènye
Bilten Sante**

Voye yon imèl bay
healthbulletins@health.nyc.gov



Ale sou sitwèb **nyc.gov/health/pubs** pou jwenn Bilten Sante sa a nan lòt lang ak lòt materyèl sante ki tradui. Ou gen dwa pou resevwa sèvis yo nan lang ou. Sèvis sa yo gratis nan tout biwo ak klinik Depatman Sante Vil New York.